

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Objék anu baris ditalungtik nya éta carita wayang lalakon *Semar Rarabi* pintonan Giri Harja 3 anu didalangan ku Ki Asep Sunandar Sunarya. Méthode nu digunakeun nya éta méthode déskriptif-analitik lantaran luyu jeung objék anu ditalungtik, nya éta carita wayang lalakon “Semar Rarabi” nu ngagambarkeun rupa-rupa kajadian, boh anu sipatna alamiah boh jijiyeunan atawa rékayasa. Anapon anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nyaéta aspék-aspék sosial anu ngawengku atikan, agama, moral, politik jeung ékonomi. Salian ti éta, ieu panalungtikan ngadéskripsikeun struktur carita ngagunakeun modél analisis Vladimir Propp nu miboga tilu puluh hiji fungsi, sabab carita wayang miboga wangun naratif nu bisa dibaladah tur dipaparkeun kana méthodé déskriptif. Satuluyna hasil analisis baris dilarapkeun kana bahan pangajaran Carita Wayang kelas XII SMA.

3.1.1 Désain Panalungtikan

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa dibagankeun saperti ieu dihandap.



Bagan 3.1 : Désain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta (1) struktur carita modél analisis Propp nu ngawengku: *Pelarangan (interdiction)*, *Pelanggaran (violation)*, *Tipu daya (fraud)*, *Kejahatan (villainy)*, *Mediasi (mediation)*, *Penetralan (tindakan)*, *dimulai (beginning contraction)*, *Kepergian (departure)*, *Fungsi pertama penolong/ donor (the first function of the donor)*, *Reaksi pahlawan (the hero's reaction)*, *Penerimaan unsur magis (provision or receipt of a magical agent)*, *Perpindahan tempat (spatial translocation)*, *Bertarung (struggle)*, *Penandaan (marking)*, *Kemenangan (victory)*, *Kebutuhan terpenuhi (the initial misfortune or lack is liquidated)*, *Kembali (return)*, *Pengejaran (pursuit)*, *Pertolongan (rescue)*, *Kedatangan tidak dikenal (unrecognized arrival)*, *Tidak bisa mengklaim (unfounded claims)*, *Tugas berat (the difficult task)*, *Solusi (solution)*, *Pengenalan pahlawan (recognition)*, *Pemaparan (exposure)*, *Perubahan rupa (transfiguration)*, *Hukuman (punishment)*, *Pernikahan (dan naik tahta) (wedding)*. (2) Aspék sosial anu ngawengku masalah atikan, agama, moral, politik, jeung ékonomi. Data nu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta dialog tokoh Panakawan dina *Lalakon Semar Rarabi*, jeung (3) KIKD dina *Kurikulum Tingkat Daérah Muatal Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMA/SMK/MA/MAK*

3.2.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta rekaman pintonan wayang *Lalakon Semar Rarabi* ku Giri Harja 3 kalayan dalangna Ki Asep Sunandar Sunarya anu ditranskrip kana naskah nu aya dina lampiran Skripsi *Tokoh Panakawan dina Lalakon Semar Rarabi pikeun Pangajaran Carita Wayang Kelas XII (Ulukan Struktural jeung Semiotik)* ku Angin Endang Suharti (2019). Ditranskrip tina video youtube <https://www.youtube.com/watch?v=7hD6NgeaMR8&t=2819s> nu diunggah ping 6 Juni 2019.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis dokumentasi pikeun meunangkeun data nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

Angin Endang Suharti, 2023

ASPÉK SOSIAL DINA CARITA WAYANG LALAKON SEMAR RARABI KU DALANG ASÉP SUNANDAR
PIKEUN BAHAN AJAR KELAS XII SMA (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dokumentasi nu dianalisis mangrupa sababaraha pagelaran wayang Sunda Giri Harja 3 dina Youtube. Anapon analisis anu dipaké nyaéta analisis struktur caritana, semiotik, jeung laparan kana pangajaran. talaah pustaka. Numutkeun Sugiyono (2018, kc. 476) dokuméntasi nyaéta salahsahiji cara anu digunakeun pikeun meunangkeun data jeung informasi dina wangun buku, arsip, dokumén, tulisan angka jeung gambar anu mangrupa laporan sarta katerangan nu ngarojong kana ieu panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta carita wayang “Semar Rarabi”. Data nu kakumpul mangrupa data nu saluyu jeung tujuan nu baris dihontal. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- 1) Maca transkrip carita wayang “Semar Rarabi”.
- 2) Nyirian struktur carita jeung aspék-aspék sosial nu aya dina carita wayang “Semar Rarabi”.
- 3) Nyalin kana kode data sangkan data leuwih gampang diolah sarta leuwih alus hasilna.

Pikeun ngolah data ngagunakeun téhnik analisis téks mangrupa téhnik ngolah data hasil ngumpulkeun data kalayan dijéntrékeun dina wangun déskriptif.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta sakabéh alat atawa cara ngagunakeunna pikeun ngumpulkeun data nu diperlukeun sangkan leuwih gampang dina ngokolakeun hasil tina panalungtikan. Instrumén anu dipaké ogé pikeun ngarojong kana téhnik panalungtikan anu baris dilaksanakeun.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun sarta ngolah data aspék sosial nu ngawengku sosial, moral, politik, ékonomi, jeung agama.

Tabél 3.1 Kartu Data Analisis Aspék Sosial

Kode Data	:	
Aspék Sosial	:	
Analisis	:	

Tabél 3.2 Kartu Data Analisis Struktur Carita

Kode Data	:	
Fungsi	:	
Analisis	:	

Contona: 1) Kode data SR/5/111

2) Kode data SR/6/180

Katerangan:

SR : singgetan sumber data “Semar Rarabi”

5/6 : babak carita

111/180 : nomer dialog dina transkrip

3.5 Analisis Data

Data nu geus kakumpul, saterusna diolah maké téhnik analisis struktur carita, aspék sosial, jeung nyieun bahan pangajaran pikeun SMA ngeunaan Carita Wayang. Analisis struktur carita maluruh struktur carita dina Carita Wayang *Lalakon Semar Rarabi* ngagunakeun modél Propp. Anapon léngkah-léngkah pikeun nganalisis data bisa ditingali di handap.

- 1) Data hasil panalungtikan dipasing-pasing dumasar struktur jeung aspék sosial.
- 2) Data hasil panalungtikan dianalisis struktur caritana.
- 3) Saréngséna dilaksanakeun analisis struktur, tuluy dianalisis aspék sosialna anu ngawengku masalah sosial, moral, politik, ékonomi, jeung agama.
- 4) Réngsé kapaluruh aspék sosialna, tuluy dianalisis hasil struktur carita jeung aspék sosial pikeun bahan pangajaran di sakola.